

Pwogram ki ede ekonomize pou kolèj Avi ak fòm pou refize patisipe (Opt-Out) pou paran ak responsab

03/11/2025

Chè paran/responsab:

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, "NYCPS") fè kolaborasyon avèk òganizasyon ki pa la pou fè pwofi NYC Kids RISE, Inc. nan Pwogram NYC Kids RISE Save for College ("Pwogram"). Pwogram gratis sa a bay elèv ki kalifye lajan pou depans pou kolèj ak fòmasyon karyè ki kalifye. NYC Kids RISE bay 100 dola pou chak elèv nan Pwogram lan nan yon "Kont Bousdetid NYC". Tou depann sou finansman, Vil Nouyòk ak NYCPS ap agrandi Pwogram lan ane sa a epi y ap mete lekòl pitit ou a ladan. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://nyckidsrise.org>.

Avi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou swa (1) pa fè anyen epi aksepte NYC Kids RISE kreye yon Kont Bousdetid NYC pou pitit ou OSWA (2) refize patisipe epi pa kite NYC Kids RISE kreye yon Kont Bousdetid NYC pou pitit ou a.

Pou pitit ou a gen yon kont bousdetid NYC, NYCPS bezwen pataje enfòmasyon sa yo avèk NYC Kids RISE ak yon konpayi ki rele VistaShare:

- Yon nimewo idantifikasyon inik elèv la pou pwogram lan
- Non konplè elèv la
- Dat nesans elèv la
- Adrès kay elèv la ak nenpòt lòt chanjman
- Nimewo telefòn kay la
- Non lekòl la
- Klas elèv la ap fè kounye a
- Lang li pale lakay li
- Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si genyen, ni andedan ni andeyò sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la
- Yon nimewo idantifikasyon inik paran/responsab pou pwogram lan
- Non konplè paran/responsab la
- Adrès imèl paran/responsab la
- Telefòn paran/responsab ak/oswa lòt nimewo telefòn

NYC Kids RISE travay avèk VistaShare pou konsève enfòmasyon sou patisipan, jere yon pòtal sou entènèt ak ofri sipò teknik. NYC Kids RISE ak VistaShare gen otorizasyon **sèlman** pou itilize oswa pataje enfòmasyon sa a pou fè pwogram lan fonksyone ak pou evalye l. Yo **pa** otorize pou vann, itilize ni pataje enfòmasyon sa a pou okenn rezon piblisite, marketing oswa lòt rezon komèsyal.

Ki opsyon ou genyen?

1. **PA FÈ ANYEN (PA ranpli epi voye fòm nan pwochen paj la tounen) si ou vle pitit ou a patisipe epi jwenn 100 dola alokasyon nan yon Kont Bousdetid NYC Kids RISE kreye ak bay nan non pitit ou a.**

OSWA

2. **OU REFIZE PATISIPE** lè w ranpli fòm ki nan pwochen paj la epi voye li tounen nan biwo prensipal lekòl ou a pou pita **03/12/2025** si w PA vle patisipe. Pitit ou a p ap resevwa yon kont bous NYC epi yo p ap pataje enfòmasyon pitit ou an ki gen rapò avèk Pwogram lan. Tanpri pale avèk biwo prensipal lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon pou ranpli fòmilè pou pa patisipe ki nan pwochen paj la.

Eske w gen kesyon sou pwogram lan? Rele liy sèvis dirèk NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 oswa voye yon imèl nan SavingTogether@schools.nyc.gov.

Pwogram ki ede ekonomize pou kolèj
Avi ak fòm pou refize patisipe (Opt-Out) pou paran ak responsab

Fòm pou refize patisipe (Opt-Out)

Ranpli fòm sa a epi siyen l sèlman si w PA vle elèv ou a resevwa yon kont bousdetid NYC. Voye fòm lan tounen bay sekretè lekòl ou a pou pita 03/12/2025.

Kòm paran/responsab pitit mwen an, MWEN PA VLE yo pataje enfòmasyon pitit mwen an avèk NYC Kids RISE oswa VistaShare. MWEN KONPRANN si yo pa pataje enfòmasyon sa yo, pitit mwen an P AP resevwa yon Kont Bousdetid NYC epi yo p ap bay okenn lajan pou pitit mwen an.

Non elèv la:	Siyati elèv la:
Non lekòl la:	Klas ofisyèl elèv la: Nivo klas elèv la:
Non paran/responsab la:	Siyati:
Dat:	